✓ интеллектуал – когнитив мезон талабаларнинг намоён эта олган иқтисодий билимларида ўз аксини топади;

✓ мотивацион – иқтисодий таълим натижасида;

✓ фаолиятнинг ижодий компоненти – иқтисодий фаолият натижасида.

Бу ўқув жараёнида иқтисодий билимларни амалиётда қўллаш имконияти мавжуд бўлган (иқтисод бўйича ҳисоб – китоб, ҳисоб китобларни иқтисодий таҳлил қилиш, ишлаб чиқариш амалиётлари, иқтисодий фаолиятда бевосита иштирок этиш каби) омилларда ҳам ўз аксини топади.

Иқтисодиёт соҳасида бўлмаган талабаларнинг иқтисодий маданиятини ривожлантиришимиз юқоридаги омиллар асосида билим, кўникма ва малакаларини оширишимиз учун ўқув режаларида кўрсатилган ўқув соатлари етарли даражада эмас. Шу сабабли таълим жараёнидаги иқтисодий билимларни ривожлантирадиган жараёнларини талабалар билан таҳлил қилиш лозим. Бундай холатларда асосан турли тренинглар, бизнес ўйинлар, мунозаралар, мунозарали презентациялар, кичик гуруҳларда ишлаш ва бошқалар ишлатилади. Ўқув режасида белгилаб қўйилган Иқтисодиёт назарияси фанидан ташқари қўшимча махсус курслар ташкил қилиниб, уларда талабаларга ўзлари эгаллаб турган мутахассисликлари доирасида "Менинг бизнес режам", "Барқарор ривожланиш концепцияси" каби мавзуларни киритиб бориш заруратини келтириб чиқаради.

Бўлажак мутахассисларнинг замонавий иқтисодий билимларни эгаллашларида жамиятдаги ижтимоий ҳаракатларни ташкил қила олиш орқали ўзининг қобилияти ва қизиқишини намоён эта олишидадир. Ташкилотчилик ва коммуникатив қобилиятсиз бугунги кунда жамоада ишлай оладиган рақобатбардош педагог мутахассисни тасаввур қила олмаймиз.

**Адабиётлар**

1. Ҳаракатлар стратегияси асосида жадал тараққиёт ва янгиланиш сари . -Т.: "Ғ.Ғулом", 2017. 70-б.
2. Раззоқов А., Тошматов Ш., Ўрмонов Н. Иқтисодий таълимотлар тарихи. -Т.: «Молия». 2002, 89-90-б.
3. Влазнева С.А. Экономическая подготовка будущих педагогов профессионального обучения в вузе: дис. канд. пед. наук / С.А.Влазнева. –Пенза: 2009. –С. 167.
4. Сластенин В.А. Педагогика: уч. пособ. для вузов В.А.Сластенин, И.Ф.Исаев, А.И.Мещенко, Е.Н.Шиянов. -М.: Школа-Пресс, 1997. -С. 512.
5. Incheon declaration / Education 2030: Towards inclusive and equitable quality education and lifelong learning for all (Word Education Forum, 19-22 may 2015, Incheon, Republic of Korea). –P.48.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақола бўлажак мутахассислар иқтисодий маданиятини ривожлантиришнинг педагогик шарт – шароитларини ойдинлаштиришга қаратилган бўлиб, унда бугунги кунда бўлажак мутахассисларнинг иқтисодий маданиятини оширишга таъсир этувчи омиллар, улар иқтисодий маданиятини шакллантиривчи компонентлар, иқтисодий маданиятни рағбатлантириш технологиялари, иқтисодий маданиятлилик даражасини ташхислаш мезонлари ёритиб берилган.

**РЕЗЮМЕ**

В данной статье основное внимание уделяется выявлению педагогических условий для развития экономической культуры будущих специалистов, включая факторы, влияющие на экономическую культуру начинающих специалистов. Рассматриваются компоненты формирования экономической культуры, технологии продвижения экономической культуры, а также критерии, выбранные для диагностики уровня экономической культуры.

**SUMMARY**

The article focuses on the identification of pedagogical conditions for the development of economic culture of future specialists, including factors affecting the economic culture of beginning specialists. The author studies components of the formation of economic culture, technology of promoting economic culture, as well as the criteria selected for diagnosing the level of economic culture.

## ПЕДАГОГИКАЛЫҚ ИСКЕРЛИКТИ ЖЕТИЛИСТИРИЎДИҢ ЗАМАНАГӨЙ ТАЛАПЛАРЫ

**И.К.Пирниязов –** *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
*Әжинияз атындағы НМПИ жанындағы халық билимлендириў хызметкерлерин қайта таярлаў ҳәм олардың қәнигелигин арттырыў Аймақлық орайы*

**Таянч сўзлар:** педагогик фаолият, стратегия, компетентлик, касбий маҳорат, тенденция, модернизация, дастур, технологиялаштириш
**Ключевые слова:** педагогическая деятельность, стратегия, компетентность, профессионализм, тенденция, модернизация, программа, технологизация.
**Key words**: pedagogical activity, strategy, competence, professionalism, tendency, modernization, program, technology.

Өсип киятырған жас әўладқа тәлим-тәрбия бериў, оларды озық ойлы, терең пикирли, билимли ҳәм ҳәр тәреплеме жетилискен инсанлар етип тәрбиялаў халық билимлендириў системасының ең баслы ўазыйпаларының бири есапланады. Сонлықтан, мәмлекетлик сиясаттың билимлендириў мәселесиндеги принциплерин ретлестириў тийкарлары Өзбекстан Республикасының «Билимлендириў ҳаққында»ғы, «Жоқары ҳәм жоқары оқыў орнынан соңғы кәсиплик билимлендириў ҳаққында»ғы режелеринде, сондай-ақ, Өзбекстан Республикасының Президенти ҳәм Министрлер Кабинети қарарлары менен тастыйықланған билимлендириўди раўажландырыўдың миллий доктринасында да қәлиплестирилген [1].

Өзбекстан Республикасын және де раўажландырыў бойынша «Ҳәрекетлер стратегиясын»да тәлим ҳәм тәрбияны үзликсиз жетилистириў мәселеси «Билимлендириў ҳәм илим сферасын раўажландырыў» деп аталған төртинши ўазыйпасында анық белгиленип қойылған. Бунда «үзликсиз билимлендириў системасын раўажландырыў ҳәм жетилистириў курсын даўам еттириў, сапалы билимлендириўге ерисиўди жоқарылатыў ҳәм мийнет базарының ҳәзирги заман талапларына сәйкес жоқары квалификациялы кадрларды таярлаў процеси жүргизилмекте» деп атап көрсетилген [2].

Өзбекстан пуқараларына билим алыў мүмкиншилиги ҳеш қандай шәртлерсиз ҳәм шеклеўсиз, олардың жынысы, расасы, миллети, тили, социаллық шығысы, жасаў орны, ден саўлығы ҳәм тағы басқаларға қарамастан кепилленеди. Мәмлекет пуқараларға улыўма, орта, орта арнаўлы ҳәм басланғыш кәсиплик билим алыўды мәмлекетлик билимлендириў стандартлары тийкарында Өзбекстан көлеминде бирдей билимлендириў кеңислигин сақлаў мүмкиншилигин береди. Бул стандартлар тийкарғы билимлендириў бағдарламаларының миннети сыпатында питкериўшилердиң таярлық көлемине қойылатуғын талаплар менен минимум дәрежесин анықлап, оқыўшылардың билиминиң максимум көлемин анықлаўшы нормалар системасын өз ишине алады.

Өзбекстан Республикасының ҳәм жәмийеттиң ҳәзирги қәлиплескен сиясий, экономикалық, социал-педагогикалық жаңаланыў жағдайында халық билимлендириў системасын раўажландырыў тийислилиги айқын көринбекте. Соңғы жыллары педагоглар тәрепи-

нен жергиликли мектеплердиң тәлим-тәрбиялық хызметлерине өзгерислер енгизиў арқалы жаңаланыў ҳәм жетилистириўге болған умтылыўлары күтилген нәтийжеге алып келмей атыр. Сонлықтан, бул басқыш тиккелей системалық өзгерислерди талап етеди ҳәм олар өз гезегинде мектепке шекемги билимлендириў мәкемелерин раўажландырыў бағдарламасы ҳәм педагогтың кәсиплик-педагогикалық дәрежесин раўажландырыў менен анықланады.

Педагогтың кәсиплик-педагогикалык мәденияты - оның педагогикалық таярлығы, өзиниң кәсиплик хызметин өз бетинше жетилистириўге умтылыўы нәтийжесинде ерисиледи. Ҳәзирги заман билимлендириўи ҳәр бир педагогтан әпиўайы, мәзи педагогты емес, ал педагог-изертлеўши, педагог-психолог, педагог-технолог болыўды талап етпекте. Бул қәбилетлер қәнигеде жоқары оқыў орнын питкергеннен кейин мектепте дөретиўшилик, машқалалы ҳәм технологиялы шөлкемлескен түрдеги билимлендириў процесинде ғана раўажланыўы мүмкин.

Бүгинги билимлендириў системасының және бир шәрти, егер педагог илимий- методикалық, излениўшилик, тәжирийбе – эксперименталлық, инновациялық жумыслар менен жедел шуғылланса ғана өзиниң «кәсиплик шеберлигин», өзиниң педагогикалық қуралларын излеп үйрениўи зәрүр.

Өзбекстанда халық билимлендириў системасын реформалаў зәрүрлиги өз шешимин қатаң талап ететуғын мәселелердиң бири. Себеби, базар экономикасы билимлендириў системасында жәмийетке излениўшең, интеллектуал, билимли, бәсекиге таяр, уқыплы ҳәм талапшаң қәнигелерди талап етеди. Ҳәзирги заман билимлендириўин раўажландырыў тенденциясы оқыў процесин технологиялық дәрежеге өткериўди усынбақта. Бундай дәрежеге ерисиў сапалы билим алыўдың кепиллик шәрти есапланады. Оқытыў процесиниң жүдә әхмийетли бөлеги, бул мектеп оқыўшыларының жасы ҳәм психологиялық өзгешеликлерин есапқа алыўшы жеке шахсқа бағдарланған билимлендириў технологиялары болып есапланады.

Бул технология тийкарында оқытыўшыларға мақсет қойып билиўди, жобаластырыўды, таярлаў ҳәм әмелиятта турақлы пайдалана алыў уқыплылығын береди. Педагогикалық әмелиятта билимлендириў процесине оқытыўдың жаңаша усылларын ҳәм оқытыў қуралларын жедел енгизиўлер көринбекте, себеби, педагогларға оларды таңлап алыў еркинлиги ҳәм дөретиўшилик искерлигин әмелге асырыўға шараят жаратылған.

Деген менен, айырым интерактив оқытыў усылларының ҳәм түрлериниң орнына пүткиллей жаңа усылдағы билимлендириў ҳәм оқытыў технологияларын енгизиў зәрүрлиги сезилмекте.

Бирақ, бул усыллар әдеўир қыйыншылық пайда етеди, себеби, оқытыўшылардың көпшилик бөлеги технология тийкарларын, олардың өзгешеликлерин үйренбеген.

Технологиялық билим бул-билимлер ҳәм қағыйдалар жыйнағын, билимлендириўге қойылған мақсеттиң нызамлылығын ҳәм принциплерин әмелге асырыў жолларын ҳәм қуралларын, оқытыўшының ҳәм техниканың имканиятларына тийкарланған кепиллик берилетуғын билим нәтийжелилигин талап етеди.

Әмелиятшы педагог ушын қағыйдаларды ядлаў пайдасыз, егер онда оларды пайдаланыў көнликпеси қәлиплеспеген болса, соның ушын көп түрли усыллардың ишинен белгили шәртлерди ҳәм оларға ажыратылған ўақытты үнемли сарплап, күтилген толық нәтийжеге ерисиў ушын оптимал усыл ҳәм оқытыў қуралларын, яғный коммуникациялар, информация ҳәм басқарыў қуралларын толық пайдаланыў зәрүр. Бул арқалы оқытыўшы ҳәм оқыўшылардың ўақытларын үнемли пайдаланып ерисиўге болады, кейин олардан уникаль комбинация жойбарлаў-конкрет жағдайда сәйкесленген оқытыў технологиясын енгизиўге мүмкиншилик табылады.

Педагогикалық хызмет ҳәр бир қәлеген хызметке тийисли дәрежеде уқсаслығы болғаны менен бир қанша өзгешеликлери менен ажыралып турады.

Педагогикалық хызмет, басқа хызметлер сыяқлы анық структура, ишки өткермелер ҳәм түрлениўлерден ибарат системадан турады. Бул системада мына компонентлерди ажыратып көрсетсе болады: мотив-мақсет-предмет-иске асырыў усыллары-нәтийже. Педагогикалық хызметтиң мотивлери кәсиплик өзин-өзи анықлаў басқышына келип, педагог өз кәсибин таңлаўға, өсип киятырған жас әўладты билимлендириўге бағдарлаўға ериседи. Бул хызметке бағдарлаўшы мотивлерди шын мәнисинде дөретиўшилер деп атайды. (А.Н.Леонтьев)

Педагогикалық хызметтиң мақсети жәмийет тәрепинен анықланады. Ол улыўмалық характерге ийе болып бул ҳәр бир педагогта жеке түрде қәлиплесип баратуғын болғанлықтан, оны өз мийнетинде иске асырыўға ҳәрекет етеди. Педагогикалық хызметтиң өзгешелиги пәнниң өзгешелигине, мийнет объектине байланыслы болады. Ҳәр бир хызметте субъект (орынлаўшы) ҳәм обьект (субьекттиң ҳәрекетлери оған қаратылған) ҳәрекетленген. Педагогикалық хызметте субъект болып педагог, объект ролинде тәрбияланыўшы (оқыўшы) ҳәрекетленеди. Педагогикалық тәсир етилетуғын объект, қуны уникал материал, бул раўажланып баратырған, яғный бирдейине турақлы өзгериўши инсан есапланады.

Педагогикалық мийнеттиң тийкарғы «қураллары» даўыс (темп, бәлентлиги, интонациясы), мимика, пластика, ҳәрекетлер.

Педагогикалық техника-бул педагогтың ҳәр-қыйлы усыллар арқалы тәрбияланыўшыларға, олардың искерлигин хошаметлеўге тиккелей тәсир көрсетиўи болып есапланады. Бул тәрбиялаў процесинде тийкарғы хызметти атқарып, аз энергия сарплап жақсы нәтийжелерге ерисиўге мүмкиншилик береди. Педагогикалық хызметтиң өзгешелиги соннан ибарат, тәрбияшыға, муғаллимге, оқытыўшыға өз мийнетиниң жемисин көриў ҳәмме ўақыт несип ете бермейди, ҳақыйқый нәтийжелерди көз бенен бақлай алмайды: олар келешекте келип шығады. Педагогтың бүгинги мийнети келешек әўладты тәрбиялайды. Педагогикалық хызмет басқарыў разрядына тийисли, себеби ол хошаметлеў, шөлкемлестириў, тәрбиялаў процесиниң қатнасыўшыларының (балалар, олардың ата-аналары, коллегалар ҳәм т.б) жумысларын ретлестириўге қаратылған. Педагогикалық дөретиўшилик-орайлық фигура болып анық оқыўшы (бир нешше онлаған жыллар даўамында абстракт балалар турған) туратуғын ҳәзирги заман педагогикалық процесиниң ажыралмас шәрти.

Кәсип-белгили таярлықты талап етиўши мийнеттиң хызметиниң бир түри. Өмирге кирип киятырған ҳәр бир жаңа әўлад, алдыңғы әўладлардың жуўмақластырылған тәжирийбесин ийелеўи тийис, ол тәжирийбелер илимий билимлерде, мораль, үрп-әдетлерде, дәстүрлерде, мийнет усылларында ҳәм тағы басқаларда көрсетилген. Педагогтың социаллық жақтан тайынланыўы соннан ибарат, жоқарыдағы тәжирийбелерди өзинде жәмлеп ҳәм оны өзиниң тәрбияланыўшыларына жеткерип бере билиўи тийис. Муғаллимшилик ҳәр бир оқыўшының жеке түрде қәлиплесиўин ҳәм раўажланыў процесин басқарады, сол арқалы жәмийеттиң раўажланыў перспективасына анықлық енгизе алады. Муғаллим кәсиби әдептен жәмийетте eң әхмийетли ҳәм хүрметли кәсип болып келеди. Педагогиканың негизин салыўшы Я.А.Каменский муғаллимшилик кәсибин «қуяш астында басқа кәсиплердиң ҳәммесинен ағла» кәсип деп есаплаған.

**Әдебиятлар**

1. Мирзиёев Ш.М. Ҳәр бир басшының хызметин критикалық таллаў, қатаң тәртип ҳәм жеке жуўапкершилик күнделикли норма болыўы тийис. -Т.: «Ўзбекистон», 2017. 104-б.
2. «2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасын және де раўажландырыўдың бес баслы бағдарлары бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы». -Т.: 7.02.2017, ПФ-4947-санлы Пәрманы.
3. Асқаров М., Хайтбоев М., Нишонов М. Педагогика. Дарслик. -Т.: «Талқин», 2008, 289-б.
4. Ирматов Х., Абдуллаев Ш. Педагогика назарияси. Дарслик. -Т.: «Фан ва психология», 2008. 288-б.
5. Саидахмедов Н. Янги педагогик технологиялар. Ўқув қўлланма. -Т.: «Молия», 2003. 188-б.

**РЕЗЮМЕ**

Ушбу мақолада педагог ходимларни яна ҳам сифатли тайёрлаш, замонавий таълимни ривожлантиришнинг илғор тенденциялари, ўқитиш жараёнини технологик талаб даражасига кўтариш масаласи сўз этилади. Бундай даража таълим сифатининг ишончли исботи эканлиги тўғрисида хулосалар чиқарилган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье рассматриваются вопросы качества и эффективности подготовки педагогических кадров. Анализируются ведущие тенденции развития современного образования и подчёркивается важность внедрения в образовательный процесс инновационных технологий, являющихся главным условием гарантированного получения качественного образовательного результата.

**SUMMARY**

The article deals with the quality and effectiveness of teachers'training. The leading trends in the development of modern education are analyzed and it is emphasized the importance of introducing innovative technologies into the educational process, which are the main condition for ensuring high-quality educational results.

## ТӘЛИМДЕ ИННОВАЦИЯНЫҢ ҲӘМ ИНТЕГРАЦИЯНЫҢ ӘҲМИЙЕТИ

**С.Сайтбекова** – *педагогика илимлериниң кандидаты, доцент*
**Н.Уснатдинова** – *магистрант*
*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: мактабгача таълим, бошланғич таълим, инновация, интеграция, педагогик технология, жараён.
**Ключевые слова:** дошкольное образование, начальное образование, инновации, интеграция, педагогические технологии, процесс.
**Key words**: preprimary education, primary education, innovation, integration, pedagogical technologies, process.

Ҳәзирги заман талаплары тийкарында баслаўыш тәлимди шөлкемлестириў процеси, оның сапасын ҳәм нәтийжелилигин арттырыў, баслаўыш класс оқыўшыларын оқытыў ҳәм тәрбиялаў жөнелисиниң педагогикалық-психологиялық тийкарларын жетилистириў ушын арналған бир қатар илимий изертлеўлер, педагогикалық теориялар ҳәзирги ўақытта сондай дәрежеде раўажланған, олар дәстүрли тәлим түринен жас әўладты ылайықлы қәлиплестириў ҳәм раўажланыўын тәмийинлеўши оқытыў ҳәм тәрбиялаў жөнелисин шөлкемлестириўде пайдаланыўдың толық имканын береди.

Оқытыўдың мазмуны баслаўыш пәнлер бойынша көрсетилген билим бағдарлары менен анықланады. Тәлим бағдарлары бойынша мазмунның тийкарын анықлаўшы көрсеткишлер баслаўыш билимлендириў Мәмлекетлик стандартларында берилген, оларда мектепке шекемги тәлим жөнелислери арасындағы үзликсизлик, предметлердиң өз ара байланысы гуманизм ҳәм миллий өзгешелик принциплери сәўлеленген. Мектепке шекемги тәлим процеси "Мектепке шекемги тәлимге мәмлекетлик талаплар" тийкарында шөлкемлестириледи. Ал, баслаўыш тәлим мектепке шекемги тәлим менен үзликсиз байланыста болған ҳалда тәлимниң келеси басқышларына негиз салыўды өзине ўазыйпа етип алады [1:26].

Мектепке шекемги жастағы балаларға берилетуғын тәлим мазмуны мәмлекетлик талапларында үш бағдарда белгиленген, сондай-ақ, олардын ҳәммеси мәмлекетлик ҳүжжетлер сыпатында қарастырылады. Бул жастағы балалар сөйлеўин ҳәм ойлаўын раўажландырыўдағы тәлимлик бағдар балалардың оқыўға қызығыўын қәлиплестириўге салмақлы үлес қосады. Мектепке шекемги жастағы балалардың ойлаўын раўажландырыў дәслепки математикалық елеслетиўлерди системалы арттырып барыў арқалы әмелге асырылады. Бунда математикалық елеслетиўлер этираптағы нәрсе ҳәм буйымларды санаў, салыстырыў, өлшемлерин салыстырыў, орнын ҳәм жайласыўын анықлаў, геометриялық формаларды парықлаў арқалы әмелге асырылып, баланың жасына сай раўажланыўын тәмийинлейди.

Дәслепки математикалық елеслетиўдиң үзликсиз раўажланыўы баланың ойланыўын раўажландырыў менен бир қатарда баслаўыш классларда оның логикалық ойлаўды ийелеп барыўын тәмийинлейди. Басланғыш тәлимде оқытыў тийкарынан образлы ойлаўды логикалық ойлаўдың нышанасы сыпатында сиңдириў арқалы әмелге асырылады.

Жазыў баслаўыш тәлимде баянлаў, информациялық елеслетиў формасында бериледи, ол мектепке шекемги тәлим жөнелисинде ийеленген билимлерди тастыйықлаўшы, системаластырыўшы ҳәм кеңейтиўши ролин де атқарады. Баслаўыш тәлимнен күтилетуғын нәтийжелер, әлбетте, сабақлықлар, оқыў қолланбалар, методикалық көрсетпелерге байланыслы болып, ал олар басланғыш тәлим концепциясы ҳәм оны шөлкемлестириўде принципи, идеялары, баслаўыш тәлимди шөлкемлестириў методлары ҳәм усылларында, инновациялық идеялар, ҳәзирги заман педагогикалық ҳәм информациялық технологиялар, жаңа әўлад оқытыў қураллары тийкарында жаратылады. Бирақ, бул процессте баслаўыш класс муғаллиминиң ролин айрықша атап көрсетиў орынлы. Баслаўыш класслар муғаллими мағанасы ҳәм қәсийети бойынша жоқары класс муғаллимлеринен өзгеше тәреплерине ийе болады.

Муғаллимниң шет тиллерди өзлестирип алыўы, оның жаңа әўлад оқытыў қуралларын, алдыңғы шет ел тәжирийбелерин, педагогикалық ҳәм информациялық технологияларды оқыў процесинде қолланыў, кең көзқарас–муғаллимниң бул әҳмийетли сыпатлары оқыўшыға дурыс тәсир көрсетиўге имкан береди.

Баслаўыш тәлимде инновация киритиўдиң ўазыйпасы пүткил тәлим саласында өткерилетуғын реформалардың маңызын, мазмунын ҳәм формаларын жетилистириўге бағдарланады. Илимий-техникалық процесстиң факторлары, бизиң жәмийетимизди демократияластырыў, информациялаў тараўларының кеңейиўи баланың жеке сыпатларына унамлы тәсир етеди, атап айтқанда, епшиллигин, пикирлеўин ҳәм ойлаўын, ақылый өзгешеликлерин раўажландырады. Ҳәзирги заман билимлендириўиниң баслы ўазыйпасы баланың билим алыўдағы талабын қанаатландырыўдан да ибарат.

Биринши Президентимиздиң айтқанындай: "Шахстың раўажланыўы дегенде биз, биринши нәўбетте, жоқары саналы, еркин пикирлеўши, өзиниң минезқулқы менен басқалар ушын өрнек болатуғын, зыялы инсанларды түсинемиз" [2].

Тәлим системасы ҳәм мектептиң алдына ҳәр тәреплеме раўажланған шахсты тәрбиялаў мақсети қойылған. Баслаўыш билимлендириў системасына киритилип атырған жаңаланыўлар оның мазмунын, ме-